Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 42 (7338)
11 октябрь 2018 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## РДялъул прокурор Д.Г. Поповас тIаде гIадамал къабул гьаруна



4 октябралда РДялъул прокурор Денис Геннадьевич Попов республикаялъул предпринимателазул ихтиярал цIуниялъул вакилхIисабалда дандчIвана Унсоколо районалъул гIадамалгун. Гьеб букIана Шамильхъалаялда бугеб районалъул прокуратураялъул минаялда.

Прокурорасухъе гIадамал рачIана захIматалъул закон хвезабиялъул, ракьал лъеда гъоркье ккеялдалъун, гIадада араб буголъиялъул, гьелъухъ компенсация щвечIолъиялъул, предпринимателазул ихтиярал хвезариялъул, цIех-рехалъул ва судазул процесуалиял хIукмабазул ва цогидалги суалалгун.

Щивав тIаде къабул гьариялде рачIаразул гIарзабазул букIине кколедухъ хал гьабуна РДялъул прокурорас, тIад чIарал тадбирал гьаруна щибаб гIарзаялда прокурорасулаб асар гьаби букIинабиялда ва жиндирго хъаравуллъиялда гъоркье босана.

Дагъистаналъул прокурорас гьеб къоялъ тIаде къабул гьаруна къогоялдаса цIикIкIун гIарзабигун рачIарал.

## ХIабиб НурмухIамадовасул кIудияб бергьенлъи



Араб гьатIан къоялъ, 7 октябралда Лас-Вегасалда унел рукIана UFCялъул къецал, ирландец Конор Макгрегор ва Россиялъул спортсмен ХIабиб НурмухIамадовги данд чIвалеб,

ЦIале 2- гьумералда

Данделъаби

## АТКялъул Комиссиялъул данделъи



Араб анкьалда районалъул администрациялда букIана терроризмалде данде чIараб комиссиялъул заседание. Гьенир гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, Буйнакск шагьаралъул РДялъул УФСБялъул отделалъул оперуполномоченный А. ХIажиражабов, бетIерасул зам. М. ХIамзатов, АТКялъул аппаратальул специалистал А. ГIусманова,Ж. ГIалиев, Унсоколо районалъул имам Гъ. Абакаров, администрациялъул отделазул начальникал, росабазул бутIрул.

Балагьиялде росун рукIана гьал ходусел суалал: РДялъул НАКалъул, АТКялъул ва районалъул АТКялъулги суалал тIураялъул ин, районалда «Защита» абураб оперативиябгун профилактикияб операция тIобитIи ва гь. ц.

Гьел суалазда хурхун доклад гьабуна М. ХIамзатовас. Жиндирго кIалъаялда гьес бицана РДялъул гIадамал Россиялъул гIорхъи бахун къватIире унгутIиялъе хIалтIи гьабиялъул, Сириялдаса ва цогидалги гьачагълъи тIибитIарал улкабаздаса тIад руссаразулгун профилактикияб хIалтIи гьабиялъул.

«2018 соналда районалъул АТКялъ гьабун буго 137 адресниябгун профилактикияб гара-чIвари, гьездасан 79 ккола закониял гурел рагъул гIуцIиязулъ рукIун ралагьулел ругезул гIагарлъиялъулгун гьабураб»,-ян бихьизабуна гьес. М. ХIамзатовасул кIалъаялъухъги гIенеккун АТКялъ 2019 соналъул 10 январалде хасаб хIалтIулаб группаялъе терроризмалде данде чIеялъе план хIадуризе бихьизабуна гьениб.

Хадув кIалъана Артур ХIажиражабов. Гьес бихьизабуна районалда гьабулеб АТКялъул комиссиялъул хIалтIи тIадегIанаб даражаялда лъун бугин, лъикIал бухьенал ругин цогидал структурабазулгун, лъикIаблъун бихьизабуна гьеб ишалъулъе росабазул бутIрул ва депутатал цIазе, гIадамазда, хасго гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялде, гьабулеб ишалъулъ жавабчилъиги букIине ккеялде гIахьаллъаразул пикру буссинабуна.

## В.ГI.Васильевасул барки

ХIурматиял Дагъистаниял, спорт бокьулел! Нилъер гIемерисел ракь цоял кьижичIого рукIана ХIабиб НурмухIамадовасулги К.Макгрегорилги къеркьей унеб, битIухъегояб трансляция бугеб сордоялъ. ГIицIго Дагъистан гуребги тIолабго Россияги букIана нилъер спортсменасе триумфалияблъун лъугьараб тадбиралъухъ хал ккун. Баркула ХI. НурмухIамадовасда ва тIолалго гьеб видалъул спорт бокьулезда кIудияб бергьенлъи!

Дагъистаналъул спортсменас цоцалъ журарал ва цогоял къеркьеялъул видазда Россиялъул спорталъул тарихалда тIоцебесеб бергьенлъиялъулаб хъвай-хъвагIай гьабуна ва UFC чемпионасул титул босана. Жакъа гьес ургадулаб нухалда бихьизабуна бищунго тIадегIанаб цIар реццалъе мустахIикъав вукIин. ХI. НурмухIамадовас кидаго бихьизабуна ияхI бугеб гIамал хасият, мурадалде щолеб таваккал. ТIолабго дуниялалда бихьизабуна бажари, къохIехьей, сундуе Дагъистаналъул спортсменал ярагьунелали, кIудияб таваккал ва гьунар. Кидаго къвин лъачIев спортсмен НурмухIамадов ХIабиб лъугьана гIолилазул мисаллъун, кIиябго ВатIаналъун чIухIилъун. Гьесул бергьенлъи ккола гIемерсаназул тIад чIараб захIматалъул хIасил. Гьарула Дагъистаналъул ЦIумалъе спорталъулъ цIиял тIадегIанал рорхалъаби!

**В.ГI. Васильев РДялъул БетIер.**

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 42 (7338)*

*27 сентябрь 2018 сон*

2 гьумер

Гьал къоязда А. Здунов данд ч1вана федералияб собраниялъул вакиль Д. Криницкийгун ва НТСалъул ОООялъул генералияв директор С. Жаназянгун. Дандрана цадахъ х1алт1иялъул суалал, к1вар кьуна т1адег1анаб технологиялъул медиина бук1инабиялде. Криницкияс раг1и кьуна Дагъистаналда ядернияб медицинaлъул центр рагьилин, гьелъул диагностика ва сах гьаре цебет1езабилин.



# МИСАЛИЯВ МУГIАЛИМ



Бокьарав чиясда бажаруларо учителасул жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи мисалияб куцалда гьабизе.Гьеб махщел тIаса бищаразе чара гьечIого хIажалъула: рухIияб бечелъи, гьваридаб лъай, лъималаздехун гIорхьи гьечIеб рокьи, сабру, хIалимлъи, къохIехьей... Гьал тIадехун рехсарал киналго хасиятал насиблъун руго Унсоколо районалъул Балахьуни росдал школалъул байбихьул классазул тIадегIанаб категориялъул мугIалим, «Россиялъул гIаммаб лъай кьеялъул хIурматияв хIалтIухъан» МухIамад ГIадалаевич МухIамадовасе. МухIамад гьавуна 1970 соналда Балахьуни росулъ. 1986 сональ 8 классги лъугIизабун ана Буйнакскиялъул педагогикияб училищеялде. 1990 соналда училищеги лъугIун вачIана гIагараб школаялде байбихьул классалъул мугIалимлъун хIалтIизе. Гьеб соналъго ана Советияб армиялде тIадаб хьулухъ гьабизе. 1992 соналъ армиялдаса тIад вуссун хадув хисичIого хIалтIулев вуго гIагараб школалда. МухIамадил эмен ГIадалав МухIамадович вукIана гIемерал саназ школалъул директорлъун хIалтIарав хIисабалъул учитель. Гьаб цIалул соналъ гьес бачунеб буго 2 «б» класс. МухIамадица дарс кьолелъул хIалтIизарула батIи-батIиял къагIидаби. ТIоцебесеб классалдаса байбихьун хIалтIизарулел руго карточкаби, бажарун пайда босулеб буго берзулаб пособиялдаса, гIемерисел дарсал уна хIаялъулаб къагIидаялда, цIалдохъабазда чIалгIинаредухъ. Дарсил байбихьуда, бакьулъ, ва ахиралда, ай лъималазул хIалалъухъ балагьун, хIалтIизарула физкультминутал. Гьедин гьабиялъ кумек гьабула цIалдохъабазул свак чучиялъе, гьезул гIенеккиялъул бажари борхизабиялъе. Учителасул щулияб бухьен буго лъималазул эбел-инсулгун, четверталда жаниб цо нухалъ чара гьечIого ахIула эбел-инсул собрание. ЦIалдохъабазе гьваридаб лъай кьеялда цадахъго МухIамадица кIудияб кIвар кьола лъималазе лъикIаб тарбия кьеялдеги. Щибаб анкьида жаниб цо нухалъ батIи-батIиял темабазда классалда гьарула классалъул сагIтал. Зама-заманалдаса МухIамадица школалда кьола рагьарал дарсалги, цогидал учительзабазе мисалалъе рукIине. Гьесул педагоглъиялъул стаж бахун буго 27 соналде. РакIбацIцIадаб хIалтIухъ ва хIалтIулъ рихьизарурал лъикIал хIасилазе гIоло М.МухIамадовасе щун руго РУОлъул ХIурматалъул грамотаби, гIарцулал сайгъатал ва баркалаби. Амма гьеб киналдасаго МухIамадие хирияб буго цIалдохъабазул эбел-инсуца ракI-ракIалъ кьолеб баркала.

**МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ,**
**Россиялъул журналистазул союзалъул член.**

# ХIабиб НурмухIамадовасул кIудияб бергьенлъи




цIакъго хIалуцарал. Лъугьа-бахъин цIар рагIараблъун лъугьинабуна кIиялго дандчIвалезул гIадатияб гуреб, хIалуцараб гьоркьолъиялги. Ункъабилеб раундалда ХIабиб НурмухIамадов бергьана цересел раундаздаго гIадин. Къокъго абуни ХI.НурмухIамадов бергьана К.Макгрегорида данде. Дагъистаниясул кутакаб гьан къулеб къуваталде гьоркье ккедал ирландиялъул спортсменкъвиналъе мукIурлъана. UFC 229 къецазул хIасилазда хурхун букIараб пресс-конференциялда Лас Вегасаялда ва Нивадаялда турниралдаса хадуб жинхъаго ккаралдаса ХI.НурмухIамадовас тIасса лъугьа – ян гьарана. Гьес живго хIакъир гьавуразе зарул жаваб кьун букIана. Данде дагIба гьечIого бергьарав чемпионас абуна гьесухъе РФ президент В.Путин кIалъанин бергьенлъи баркун абун. Гьал къоязда ХI. НурмухIамадов тIад вуссана Дагъистаналде. Аэропорталда гьесда данд чIвана рикIкIен гIемерал ватIанцоял.

# ЦIалулаб ругъунгъари



РФялъул гражданазул оборонаялъул Къоялъул хIурматалда Унсоколо №1 школалда тIобитIана цIалулаб тренировка. Гьелъ гьоркьоре рачунаан хIалтIулаб персонал хIинкъиялда гьоркьоса нахъе бачин, цIа ккани кумек гьаби гIадал тадбирал. ГIуцIун букIана школалъул ОБЖялъул учитель ГI. ГIабдулаевас. Гьенир гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул зам. М. ХIамзатов, Россиялъул Унсоколо районалда вугев ОМВДялъул ПДНалъул инспектор Ш. ГIумаров, участковый Д. Нуричиев, Россиялъул РДялда бугеб МЧСалъул №13 ГУялъул кIудияв инспектор М. ХIусейнов, районалъул ГО,ЧСалъул ва ПБялъул отделалъул начальник М. ГIабдулаев. Тадбиралда цIалдохъабазе гьаруна профилактикиял гара-чIвариял, хIинкъи бугеб хIалалде ккани гьаризе кколел къагIидабазул бицун, тIадчIей гьабуна щаклъи бугеб жо батани гьабизе кколелдаги. М. ХIусейновас гьабуна цIа свинабиялъул занятие. Тадбиралъул ахиралда тIаде рачIараз рихьизаруна гIунгутIаби, гьел тIагIинариялъе ресал.

# Комиссиялъул данделъи

Районалъул администрациялда букIана саназде рахинчIел лъималазул ихтиярал цIуниялъул комиссиялъул иргадулаб заседание. Гьенир гIахьаллъана районалъул Собраниялъул пред К. Асадулаев, районалъул бетIерасул замал М. ХIамзатов, М. ХIасанова, юрист У. Бартыханова, вед. специалист П. НурмухIамадова, комиссиялъул членал П. ХIамзатова, З. НурмухIамадова. Заседаниялъул байбихьуда кIалъана комиссиялъул пред М. ХIасанова. Гьелъ лъай-хъвай гьабуна комиссиялъул составалъулгун. Гьел ккола К. МухIамадгIалиев – опекаялъул ва попечительствалъул вед-специалист, ХI. Кадиева – Шамильхъала амбулаториялъул участковияй врач, Р. МухIамадгIалиев – районалъул хIалтIудалъун гIадамал хьезариялъул Централъул специалист, Ш. Г1умаров – Россиялъул Унсоколо районалда бугеб ОМВДялъул саназде рахинчIезулгун хIалтIи гьабулев инспектор.

**Ахир 4-леб гьумералда**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№42 (7338)
Хамиз
11 октябрь 2018 сон



# Садовод

**Страница в номере**




# Куда пойти учиться?

Военный комиссар Унцукульского района РД проводить набор граждан в следующие военные образовательные организации. Перечень военно-учебных заведений прилагается

| № п/п | Наименнование военно-учебных заведений | Место дисло-кации |
|---|---|---|
| 1 | Московское высшее общевойсковое командное училище | ЗВО |
| 2 | Казанское высшее танковое командное училище | ЦВО |
| 3 | Новосибирское высшее военное командное училище | ЦВО |
| 4 | Дальневосточное высшее общевойсковое командное училище (г.Благовещенск) | ВВО |
| 5 | Рязанское высшее воздушно-десантное командное училище (военный институт) | ЗВО |
| 6 | Тюменское высшее военно-инженерное командное училище (военный институт) | ЦВО |
| 7 | Михайловская военная артиллерийская академия (г.Санкт-Петербург) | ЗВО |
| 8 | Военная академия войсковой противовоздушной обороны ВС РФ (г.Смоленск) | ЗВО |
| 9 | Военная акдемия войск РХБЗ (г.Кастрома) | ЗВО |
| 10 | Военно учебный научный центр Военно-воздушных сил «Военно-воздушная академия» (г.Воронеж) | ЗВО |
| 11 | Военно учебный научный центр Военно-воздушных сил «Военно-воздушная академия» (филиал г.Сызрань) | ЦВО |
| 12 | Военно учебный научный центр Военно-воздушных сил «Военно-воздушная академия»(филиал г.Челябинск) | ЦВО |
| 13 | Краснодарское высшее военное авиационное училище летчиков | ЮВО |
| 14 | Военно-космическая академия (г.Санкт-Петербург) | ЗВО |
| 15 | Военная академия воздушно-космической обороны (г.Тверь) | ЗВО |
| 16 | Ярославское высшее военное училище противовоздушной обороны | ЗВО |
| 17 | ВУНЦ ВМФ «военно-морская академия» (г.Санкт-Петербург) Военный институт (военно-морской) | ЗВО |
| 18 | ВУНЦ ВМФ «военно-морская академия» (г.Санкт-Петербург) (Военно-морской политехнический институт) | ЗВО |
| 19 | ВУНЦ ВМФ «военно-морская академия» (филиал г.Калининград) | ЗВО |
| 20 | Тихоокеанское высшее военно-морское училище (г.Владивосток) | ВВО |
| 21 | Черноморское высшее военно-морское училище (г.Севостополь) | ЮВО |
| 22 | Военная академия РВСН (г.Балашиха, Московская область) | ЗВО |
| 23 | Военная академия РВСН (г.Серпухов) | ЗВО |
| 24 | Военная академия связи (г.Санкт-Петербург) | ЗВО |
| 25 | Краснодарское высшее военное училище | ЮВО |
| 26 | Череповецкое высшее военно-инжинерное училище радиоэлектронники (г.Череповецк Вологод-ская обл.) | ЗВО |
| 27 | Военный университет (г.Москва) | ЗВО |
| 28 | Военная академия материально-технического обеспечения (г.Санкт-Петербург) | ЗВО |
| 29 | Военная акад. материально-технического обесп. (военный институт железнодорожных войск) (г.С-Петербург) | ЗВО |
| 30 | Военная академия материально-технического обеспечения (г.С-Петербург) инженерно-технический институт | ЗВО |
| 31 | Военная академия материально-технического обеспечения (филиал г.Вольск) | ЦВО |
| 32 | Военная академия материально-технического обеспечения (филиал г.Пенза) | ЦВО |
| 33 | Военная академия материально-технического обеспечения (филиал г.Омск) | ЦВО |
| 34 | Военно-медицинская академия (г.Санкт-Петербург) | ЗВО |
| 35 | Военный институт физической культуры (г.Санкт-Петербург) | ЗВО |
| 36 | С-Петербургский военный институт ФС ВНГ РФ (г.Санкт-Петербург) | ЗВО |
| 37 | Саратовский военный институт ФС ВНГ РФ (г.Саратов) | ЦВО |
| 38 | Пермский военный институт ФС ВНГ РФ (г.Перьм) | ЦВО |
| 39 | Новосибирский военный институт ФС ВНГ РФ (г.Новосибирск) | ЦВО |
| 40 | Академия гражданской защиты МЧС России (г.Москва) | ЗВО |

**По всем вопросам обращаться в военный комиссариат Унцукульского района (тел. 55-10-22)**

## ИНФОРМАЦИЯ

Управление социальной защиты населения в муниципальном образовании «Унцукульский район» напоминает, что постановлением Правительства Республики Дагестан от 8 августа 2012 года № 265 установлена единовременная денежная выплата на детей, поступающих в первый класс из малоимущих многодетных семей, проживающих в РД. Размер выплаты – 2 тысячи рублей на одного ребенка.

Заявления принимаются по 30 ноября 2018 года включительно.

**Телефон для справок: 8 988 468 22 60**

# Центр занятости района объявляет о конкурсе

«Центр занятости населения в МО «Унцукульский район» извещает о проведении конкурсного отбора юридических лиц, индивидуальных предпринимателей, независимо от их организационно - правовой формы (за исключением государственных (муниципальных учреждений), обратившихся по месту их регистрации в центр занятости населения в муниципальном образовании «Унцукульский район» или многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг в Республике Дагестан, в целях предоставления им субсидий за счет средств федерального бюджета и средств республиканского бюджета Республики Дагестан на возмещение затрат, связанных с реализацией мероприятия по стимулированию предпринимательской деятельности в целях создания новых рабочих мест. Порядок и условия проведения конкурсного отбора юридических лиц, индивидуальных предпринимателей определены приказом Министерства труда и социального развития Республики Дагестан от 9 июня 2018 г. № 07/1-393 «О мерах по реализации постановления Правительства Республики Дагестан от 11 мая 2018 года № 42 «Об утверждении Порядка реализации дополнительных мероприятий в сфере занятости населения, направленных на снижение напряженности на рынке труда Республики Дагестан, на 2018 год» в части стимулирования предпринимательской деятельности в целях создания новых рабочих мест». Заявление на участие в конкурсном отборе документы принимаются с 4 до 22 октября включительно.

Субсидии предоставляются юридическим лицам и индивидуальным предпринимателям, обратившимся в соответствующие центры занятости населения по месту регистрации, в размере их фактических затрат на осуществление предпринимательской деятельности, в том числе закупку оборудования, создание (оснащение) не менее двух дополнительных рабочих мест для трудоустройства граждан, но не более 200,00 тыс. рублей на одно юридическое лицо или на одного индивидуального предпринимателя (размер средств установлен в соответствии с постановлением Правительства Российской Федерации от 29 декабря 2017 г. № 1685 «О внесении изменений в государственную программу Российской Федерации «Содействие занятости населения»). Требования к претендентам установлены Порядком реализации дополнительных мероприятий в сфере занятости населения, направленных на снижение напряженности на рынке труда Республики Дагестан, на 2018 год, утвержденным постановлением Правительства Республики Дагестан от 11 мая 2018 года № 42 и приказом Министерства труда и социального развития Республики Дагестан от 9 июня 2018 г. № 07/1-393 «О мерах по реализации постановления Правительства Республики Дагестан от 11 мая 2018 года № 42 «Об утверждении Порядка реализации дополнительных мероприятий в сфере занятости населения, направленных на снижение напряженности на рынке труда Республики Дагестан, на 2018 год» в части стимулирования предпринимательской деятельности в целях создания новых рабочих мест».

# Комиссиялъул данделъи



Кьойил темаялда рукIана районалъул территориялда «Защита» профилактикияб операция тIобитIи ва административиял материалазул хал гъаби гIадал суалал.

Байбихьуда балагъана саназде рахинчIезул административиял материалазул протоколазухъ. Гара-чIвари гъабуна лъималазулгун ва гъезул эбел-инсулгун. Хадуб комиссиялъ данде кколел хIукмаби гъаруна штрафал рахъизе, гIагарлъиялъ яги органаз гъединал лъималазда хадуб хъаравуллъи чIезабизе.

КIалъазе вахъана М. ХIамзатов. Гъес абуна: АТ-Кялъул аппараталь, райадминистрациялъул саназде рахинчIезул комиссиялъгун ва гIолилазул отделалъгун цадахъ жигараб гIахьаллъи гъабулеб буго «Защита» операция тIобитIиялъул ишалъулъ жигараб бутIа лъеялъулъ. Гъеб гуребги захIматаб ахIвал-хIалалда ругел хъизаназе гъабизе ккола социалиябгун правовияб ва медицинаялъулаб кумек,-ян бихьизабуна гъес.

Заседаниялда тIадчIей гъабуна санагIат гъечIел хъизаназда гIурал захIматал лъималазе тарбия кьеялъул суалаздаги.

Пайдаял малъиял

## Руччабазе баяналъе

Ихдалги хасалихъеги гIемерисел руччабазул ботIродаса рас хIулизе байбихьула. Рас щула гъабиялъе руго гIемерел лъикIал къагIидаби:

ХIадуризе ккола гьадинаб бальзам: чашкаялде жанибе тIезе ккола оливкаялъул нахул щуго гъуд, дагьаб хинлъизабила гьеб ва бащдаб лимоналъул сок къанцIула тIаде. Гьединаб бальзам моцIида жаниб 3-4 нухалъ лъулъазе ккола ботIрол тIомалда (рас чуризе бегьуларо), хинаб кIазги къан къасе тела, радал чурила шампуналъ.

ТIеренал расазе пайдаяб буго гьадинаб бальзам: цIияб капустаялъул сокги бахъун, лимоналъул ва шпинаталъул соказул бащадал бутIабигун жубазабила ва анкьида жаниб цо нухалъ ботIрода бахина. Беразда бихьуледухъ цIилъула рас;

нах цIикIкIарал расазе данде ккола гьадинаб бальзам: цIияб капустаялъул ва цIияб охцералъул сок жубазабила ва чурилалде кIиго сагIаталъ цебе бахун тела. Гьединго бахине бегьула ламадуралъул сок лимоналъул сокгун жубазабураб лъамалъи.

рас хIулулеб бугони ва хIабатI бугони, порол хороялъул 25 грамм, гвоздикаялъул щуго гороххараб жо ва 200 грамм спирталъул гьабураб ласьон анкьалъ бецIаб бакIалда лъун тела. Хадуб анкьида жаниб цо-кIиго нухалъ ботIрода бахина.

## Бихьиназул гъалатIал

I. Хъалиян цIаялъ хехлъизабула бихьиназул рас хъахIлъи. Дерматологаз бихьизабухъе хъалиян цIаялъ биххизабулеб асар гьабула расул кьибил бугеб луковицаялда тIад: загIип гьабула ботIрол хъалалъ ругел бидурихьал, гьелъ би хьвадиялъул процесс хвезабула.

2. Расул цIваки хехго хола… «Для жирных волос»,-абун тIад хъвараб шампуналъ кинабго тIубаларо. Гьелъ хехго бакъвазабула расул гIуцIи. Гьелъул хIасил лъикIабги ккоаро. Чорхолъ цинк, селена, кьаралъиялъул кислотаби ва В витаминалъул группаби гIолел гьечIони рас хIулизе ва хъахIлъизе бегьула. ГIемер хIалтIизабе ражи, тIерщел кIанцIараб ролъ, чIахIаго ххараб ханждал чед, субпродуктаби, гьан, кьарияб ччугIа, гIурччинал овощал, пивниял дрожал.

3. БитIун кваначIониги хъахIлъула рас. ХъахIлъулеб бугеб рас нахъбахъизабизе кIола БI,Б2,БI2,РР витаминал гъорлъ ругел жал квани. ГIемер квине лъикIаб буго хIайваналъул тIул, ралъдал продуктаби, багIаргьоло, рахьдал продуктаби, гIурччинлъи, цIулакьо, семечка. ЦIакъго сваквазегIан хIалтIуге, стрессал ккезе риччаге, би дагьлъун бугищали хал гьабе.

Спорт

## Баркула бергьенлъи!



Гьаб соналъул 20 сентябралда Санкт-Петербургалда букIана L-1 Russia професионалиял боязда хурхун турнир. Гьенир гIахьаллъана ва призалъулал 1 бакIал ккуна Унсоколо росулъа гIолохъанал спортсменал МухIамад ГIабдулаевас ва МухIамад ГIабдулхIажиевас.

РакI-ракIалъ баркула гIолилазда гьайбатал бергьенлъаби, гьарула хадурккунги спортивиял церетIеял. Риччан те нужер хIасилал кидаго тIадегIанал рукIине!

## Международный турнир

13-14 октября текущего года в окрестностях посёлка Дубки над Сулакским Каньоном пройдет III Международный турнир по 3D стрельбе из лука CANYON 2018.

В этом году турнир проводится в третий раз и уже полюбился профессиональным стрелкам не только России, но и ближнего зарубежья. С каждым годом организаторы турнира стараются привнести в программу интересные мероприятия, обогащая её неповторимым колоритом, уникальными состязаниями не только по стрельбе из лука, но и по многим разновидностям национальных и традиционных игр народов Кавказа.

Турнир всё больше принимает формат фестиваля, создавая атмосферу праздника для всех участников, что в конечном итоге положительно сказывается на укреплении дружбы народов не только России, но и гостей из-за рубежа!


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru

398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 10. 10. 18 г. 16. 30 фактически -16. 45 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках

Тираж - 1000 экз.